

**Biwo Pwokirè Distrik a  
Clayton Judicial Circuit**  
**FÒMILÈ RESTITISYON POU ENPAK VIKTIM YO SIBI YO**

ENFÒMASYON SOU KA A: (Se Biwo Asistans Temwen Viktim yo ki Ranpli Seksyon sa a)

Non Viktim nan	Non Akize a (yo)	Nimewo Ka ak/oswa Akizasyon (yo)
		Manda (yo)

**TANPRI SONJE: Lè tribinal la bay lòd la, se akize a (yo) ki peye restitasyon an.**

Pou nou ka byen prezante pèt ou a devan tribinal la, tanpri ranpli fòmilè sa a epi retounen l nan biwo Asistans Temwen Viktim yo nan 30 jou oplita. Ou dwe bay plis prezizyon ke posib lè w ap bay lis domaj ou te sibi yo ak/oswa atik ou te pèdi yo. Ou dwe mete kopi bòdwo, resi, estimasyon, deklarasyon anplwayè ki verifiye kantite jou travay ou pèdi yo ak nenpòt lòt dokiman ki pral ede tribinal la. Ajoute plis fèy si ou jije sa nesèsè: si ou bezwen plis èd oswa si ou pa resevwa enfòmasyon sou Pwogram Konpansasyon pou Viktim Zak Kriminèl nan Georgia yo, tanpri kontakte biwo nou an nan 770-477-3450.

**I. TIP DEPANS: PÈSONÈL**

<u>Kolòn A</u> Fè lis Atik depans pèsonèl yo	<u>Kolòn B</u> Montan aktyèl an dola	<u>Kolòn C</u> Si sa posib, kantite lajan ou mande nan Pwogram Konpansasyon pou Viktim Krim nan GA	<u>Kolòn D</u> Kantite lajan ou mande nan lòt asirans
	\$	\$	\$
	\$	\$	\$
	\$	\$	\$
	\$	\$	\$

**II. TIP DEPANS: KI GEN RAPÒ AK TRAVAY**

<u>Kolòn A</u> Kantite jou san travay	<u>Kolòn B</u> Kantite jou total ou pèdi Salè/Revni	<u>Kolòn C</u> Si sa posib, kantite lajan ou mande nan Pwogram Konpansasyon pou Viktim Krim nan GA	<u>Kolòn D</u> Kantite lajan ou mande nan lòt asirans
	\$	\$	\$
	\$	\$	\$
	\$	\$	\$
	\$	\$	\$

**III. TIP DEPANS: PWOPRIYETE**

<u>Kolòn A</u> Lis Pwopriyete yo	<u>Kolòn B</u> Valè pèt la aktyèlman	<u>Kolòn C</u> Si sa posib, kantite lajan ou mande nan Pwogram Konpansasyon pou Viktim Zak Kriminèl nan GA	<u>Kolòn D</u> Kantite lajan ou mande nan lòt asirans
	\$	\$	\$
	\$	\$	\$
	\$	\$	\$
	\$	\$	\$

**IV. TIP DEPANS: LÒT**

<u>Kolòn A</u>	<u>Kolòn B</u>	<u>Kolòn C</u>	<u>Kolòn D</u>
	\$	\$	\$

**V. DEMANN TOTAL POU RESTITISYON**

1. Depans total nan moman sa a (ajoute tout kantite lajan an dola ki nan kolòn B a): \$ \_\_\_\_\_
2. Total ou mande nan Pwogram Konpansasyon pou Viktim yo (ajoute kantite lajan an dola ki endike nan Kolòn C a): \$ \_\_\_\_\_
3. Total ou mande lòt asirans (ajoute kantite lajan an dola ki endike nan Kolòn D a): \$ \_\_\_\_\_

**TANPRI SONJE: GEN KÈK KA KI REZOUD BYEN VIT KIDONK, SI W PA RETOUNEN FÒM SA A AK TOUT DOKIMANTASYON KI NESESÈ NAN \_\_\_\_\_ JOU, OU KAPAB PÈDI RETITISYON YO DWE W LA.**

\* Enfòm Biwo Asistans Temwen Viktim yo imedyatman sou bòdwo/depans adisyonèl ou resevwa apre w fin soumèt fòm sa a!

# FÒM RESTITISYON POU ENPAK VIKTIM YO SIBI YO (VICTIM IMPACT RESTITUTION FORM, VIRF)

Enstriksyon pou w ranpli Fòm la

## I. TIP DEPANS: PÈSONÈL

- (Kolòn A) - Lis atik posib yo ka gen ladan l, men li pa limite ak sa sèlman, tip depans sa yo: Konsèy (viktim, mari oswa madanm & depandan), Medikal/Lopital (bòdwo, pri pou ranplase/repare linèt, fo dan, chèz woulant, pwotèz, aparèy oditif, elatriye), depans pou finery/antèman (ki gen ladan l lajan pou tonm), reyadaptasyon/terapi okipasyonèl, vwayaj (kilometraj, pri taksi, frè pakin, elatriye), Swen pou Timoun, elatriye.
- (Kolòn B) - Kantite lajan total an dola ou depanse aktyèlman pou atik ki nan lis la.
- (Kolòn C) - Si sa posib, montan ou te mande nan Pwogram Konpansasyon pou Viktim Zak Kriminèl Georgia a.
- (Kolòn D) - Montan ou te mande nan men twazyèm pati/lòt asirans, tankou asirans medikal pèsònèl, asirans pou enfimite pou yon ti tan ak alontèm, lajan w te mande sou non w pou manm fanm wi/zanmi w, elatriye.

## II. TIP DEPANS: KI GEN RAPÒ AK TRAVAY

- (Kolòn A) - Enkli kantite jou ou pèdi nan travay aplentan ak travay a tan pasyèl akòz zak sa a. Sa ka gen ladan l, men li pa limite ak sa sèlman; travay ou pèdi paske w te gen odyans nan tribinal, reyinyon ak Biwo Asistans Temwen Viktim, Biwo Pwokirè Distri/Kabinè Avoka, randevou medikal/pou konsèy, elatriye.
- (Kolòn B) - Total salè w pèdi selon revni w.
- (Kolòn C) - Si sa posib, montan ou te mande nan Pwogram Konpansasyon pou Viktim Zak Kriminèl Georgia a.
- (Kolòn D) - Montan ou te mande nan men twazyèm pati/lòt asirans, tankou asirans medikal pèsònèl, asirans pou enfimite kout ak alontèm, lajan w te mande sou non w pou manm fanm wi/zanmi w, elatriye.

## III. TIP DEPANS: PWOPRIYETE

- (Kolòn A) - Fè lis tout atik yo vòlè, yo domaje oswa yo detwi (pa egzanp, reparasyon ak netwayaj sèn krim).
- (Kolòn B) - Valè total ou kalkile pèt yo aktyèlman pou ranplasman, reparasyon oswa rekiperasyon pwopriyete.
- (Kolòn C) - Si sa posib, montan ou te mande pou netwaye sèn zak kriminèl nan Pwogram Konpansasyon pou Viktim Georgia a. Remak: sa a se sèl tip ranbousman nou dakò fè pou depans pwopriyete nan pwogram nan.
- (Kolòn D) - Montan ou te mande nan men tyès pati/lòt asirans, tankou asirans medikal pèsònèl, asirans pou enfimite pou yon ti tan ak alontèm, lajan w te mande sou non w pou manm fanm wi/zanmi w, elatriye.

## IV. TIP DEPANS: LÒT

Fè lis tout lòt pèt ki ka aplikab, ou pa t mete yon lòt kote sou fòmilè sa a, tankou franchiz asirans, kopeman asirans, elatriye.

Mwen verifye ke, dapre pi bon konesans mwen, tout enfòmasyon mwen bay sou fòm sa a se verite epi yo kòrèk.

Non moun ki fè demann lan (Ekri l an lèt detache) \_\_\_\_\_

Siyati moun ki fè demann lan \_\_\_\_\_

\* Si se yon lòt moun ki ranpli l nan plas viktim nan, tanpri di ki relasyon ou genyen ak viktim nan:

\_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_